**दिन–रविवार** **दिनांक–03.11.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

लोक आस्थाक महापावनि छठि के लऽकऽ विभिन्न नदी–घाट सभक निमित्त कार्य सभ के अंतिम रूप देल जा रहल अछि। विभिन्न जिला सँ हमर संवाददाता संवाद देलनि जे छठि घाट सभक साफ–सफाई आ घाट पर प्रकाशक उचित व्यवस्था सहित आन सुविधा सभ उपलब्ध करेबाक लेल जिला प्रशासनक संग कतेको स्वयंसेवी संस्था आ आमलोक सभ सेहो जुटल छथि। छठि घाट धरि जायबला मार्ग सभ के समतल करबाक संग बैरिकेटिंग सेहो कएय जा रहल अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार पटना मे गंगा घाटक निरीक्षण कऽ अधिकारी लोकनि के सुरक्षाक व्यापक प्रबंध करबाक निर्देश देलनि। ओतहि, पटना स्मार्ट सिटीक एक सय नब्बे से अधिक कैमरा सँ चौबीस छठि घाटक निगरानी कयल जायत आ इन्टिग्रेटेड कमांड आ कंट्रोल सेंटर सँ पल–पल के निगरानी राखल जाऐत। एम्हर, औरंगाबाद जिलाक सुर्यनगरी देव मे लगयवला विश्व प्रसिद्ध चारि दिवसीय छठि मेलाक तैयारी जोर पर अछि। जिलाधिकारी श्रीकांत शास्त्री जनौलनि जे देव छठि मेलाक अवसर पर आधारभूत सुविधा सभ उपलब्ध करेबा आ सुरक्षा के लऽकऽ विशेष प्रबंध कयल गेल अछि।

---

रेलवे पावनि तिहारक दरमियान यात्री लोकनिक सुविधाक लेल आइ दिल्ली सँ देशक विभिन्न भागक लेल लगभग बीस विशेष रेलगाड़ी चला रहल अछि। एहि मे दरभंगा, बरौनी, पटना, कटरा, मुजफ्फरपुर, बलिया, कामाख्या आ आजमगढ़क लेल विशेष ट्रेन सम्मिलित अछि। ओतहि, छठि पुजाक लेल एक सय पैंतालीस अतिरिक्त रेलगाड़ी एहि मासक दू सँ आठ तारीख धरि चलाओल जा रहल अछि। एहि प्रकार प्रतिदिन लगभग दू लाख अतिरिक्त यात्रीक लेल यात्रा सुगम बनाओल जा रहल अछि। रेलवे एहि दरमियान एक अक्टूबर सँ तीस नवंबरक मध्य लगभग सात हजार विशेष रेलगाड़ी व्यवस्था कयलक। एहि दरमियान एक करोड़ सँ बेसी यात्री सभक आवागमन सुनिश्चित होयत। रेलवे प्रतिवर्ष पावनि तिहारक दरमियान लाखो यात्रीक सुविधाक लेल विशेष रेलगाड़ीक परिचालन करैत अछि।

---

समस्तीपुर रेल मंडल मे छठि पूजाक बाद यात्री सभक सुगम वापसीक लेल पचहत्तरि जोड़ी स्पेशल ट्रेन चलाओल जायत। मंडल रेलप्रबंधक विनय श्रीवास्तव समस्तीपुर मे जनौलनि जे यात्री सभक सुविधाक लेल समस्तीपुर, दरभंगा आ सहरसा सहित मंडलक प्रमुख स्टेशन सँ दिल्ली आ अमृतसरक संग आन नम्हर दूरीक मार्ग सभ पर ई विशेष ट्रेन चलाओल जायत।

———————————————————

भाजपा नेता निखिल आनंद पटना जिला प्रशासन से बिहटा एयरफोर्स स्टेशन लऽग स्थित सुर्यमंदिर घाट पर छठि पूजा करबाक लेल अनुमति देबाक अनुरोध कयलनि अछि। श्री आनंद कहलनि जे एहि क्षेत्र मे तेंदुआ देखल गेल अछि जकरा पकड़बाक लेल कारगर डेग उठेबाक आवश्यकता अछि।

———————————————————

भातृ द्वितिया– भरदूतिया आ चित्रगुप्त पूजाक पावनि–तिहार आइ हर्षोल्लासक संग मनाओल गेल। दिवालीक दू दिन बाद मनाओल जायबला ई एहेन पावनि अछि जे भाई के प्रति बहिनक स्नेह के अभिव्यक्त करैत अछि आ बहिन अपन भाई सभक खुशहालीक कामना करैत छथि। एम्हर, चित्रगुप्त पूजाक अवसर पर कायस्थ समुदायक लोक विधि–विधान सँ चित्रगुप्त भगवानक पूजा–अर्चना कयलनि। एहि अवसर पर मिथिलांचल सहित पूरा प्रदेश मे कतेको कार्यक्रम आयोजित कयल गेल अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी देशवासी सभ के भाईदूजक शुभकामना दैत कहलनि जे ई पावन अवसर भाई–बहिनक आपसी स्नेह भाव के आओर प्रगाढ़ करत। राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सेहो लोकसभ के चित्रगुप्त पूजा आ भाईदूज के बधाई देलनि अछि।

———————————————————

जनसंघक पूर्व नेता आ भाजपाक संस्थापक सदस्य कैलाशपति मिश्र के आइ हुनक पुण्यतिथि पर श्रद्धापूर्वक स्मरण कयल गेल। एहि अवसर पर भाजपाक प्रदेश कार्यालय मे समारोहक आयोजन कऽ कैलाशपति मिश्र के श्रद्धांजलि अर्पित कयल गेल। एहि अवसर पर पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष डॉक्टर दिलीप जायसवाल आ उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सहित आन गणमान्य लोकनि माल्यार्पण कऽ श्रद्धांजलि देलनि।

———————————————————

मधुबनी जिलाक रहिका थाना पुलिस रात्रि–गश्तीक दरमियान अस्सी लीटर देसी शराब जब्त कयलक जखनकि एहि कार्रवाई मे दू शराब कारोबारीक गिरफ्तार सेहो कयल गेल अछि।

————————————————————————

पछबा हवाक प्रभावक कारणे प्रदेशक कतेको भाग मे अधिकतम तापमान मे कमी आयल अछि। राजधानी पटना सहित कतेको जिला मे अधिकतम तापमान मे दू सँ पांच डिग्री सेल्सियस धरिक कमी दर्ज कयल गेल। मौसम विभाग जनौलक जे अगिला पांच दिनक दरमियान राज्यक तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तनक संभावना नहि अछि।

————————————————————————

समाप्त